ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№236 (22.394) • 2012 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 8, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●КъБР-м и Правительствэм

## ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ

**Дыгъэгъазэм и 6-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм зэIущIэ щекIуэкIащ. Ар къызэIуихащ нкIи ригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Марьяш Иринэ.**

ЗЭIУЩIЭР щыщIидзэм, КъБР-м и Iэтащхьэм къыбгъэдэкIыу Марьяш Иринэ хуэгуэзващ Къэбэрдей-Балъкъэр Къэрал телевиденэм и лэжьакIуэ пажэхэм ящыщI **Геккиев Къазбэч** и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ. ЗэIуущэм къырхьэлIаэр зы дакъикъакIэ хэущIегъуащ зи псэугъуэу дунеим ехыжа щIалэм.

- Хуабжьу ди жагъуэ мэхъу зи лэжьэгъуэ, кьару и пIыгъуэ, гъащIэр фIыуэ зыпIалъу щIалэ ахьырэзманыр зэрауэкIар. Гуаузр къыдигуэшыну Лапшык къэкIуащ БГТРК-м и Генеральнэ унафэщI Добродеев Олег, - жи-Iащ абы. Геккиевым и даущдапщэхэм хэта, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** зэрыжиIамкIэ, Добродеевым иджыри ди республикэм кьытригъэзэжьын мурад иIэщ.

КъыщынэмыщIауэ, зэIущIэм и гугъу щащIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым транспортымкIэ, связьмрэ гъэсэгъ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Дядченкэ Вячеслав щIэпхьаджащIэхэм я зэранкIэ уIэгъэ зэрыхъуам. Хабзэхьуэмэ IухъущIапlэхэм щылажьэхэм Iухъур зэхагъэкIыныр, къуанщIэр къагъуэтынкIэ абыхъэм я дежкIэ щIыхь зыпыль Iухъуу зэрыщытыр жиIащ Марьяш Иринэ.

ЗэIущIэр Iуэху 27-м нэблагъэм хэпльащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым финансхэмкIэ и министр **КIэрэф Мурат** жиIам ипкъ иткIэ, зэхуэсым хэтхэр арэзы техъуащ я узыншагъэр иризэIагъэувэжьну Ульбашев Алимрэ Хаппаевэ Жаннэрэ мылъкукIэ зыщIагъэкъуэным.

2013 - 2020 гъэхэм мэкъумэш Iэнатlэм зрагъэжьыным хуагъэпсэ Къэрал программэм ипкъ иткIэ, КъБР-м и Правительствэмрэ Урысей Федерацэм Мэкъумэш IэнатlэмкIэ и министерствэмрэ зэрызэдэлажьну щыкIэм и проектым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр **Къаздохъуэ Альберт** Правительствэм хэтхэр щIигъэуазэри, ари къызэдащтащ.

Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ министр **Тюбеев Альберт** хабзэхьуэмэ Iэнатlэхэм зрагъэжьыным хуагъэпсэ Къэрал программэм ипкъ иткIэ, КъБР-м и Правительствэмрэ Урысей Федерацэм Мэкъумэш IэнатlэмкIэ и министерствэмрэ зэрызэдэлажьну щыкIэм и проектым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр **Къаздохъуэ Альберт** Правительствэм хэтхэр щIигъэуазэри, ари къызэдащтащ.

Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ министр **Тюбеев Альберт** хабзэхьуэмэ Iэнатlэхэм щылажьэхэм ящыщу зи къалэныр зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я унагъуэхэм мылькукIэ зыщIагъэкъуэну къыхилъхьати, абыи арэзы техъуащ зэIущIэм хэтахэр.

КъБР-м узыншагъэр хъуэныкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Къарэш Арсен** зэрыжиIамкIэ, Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэкIэ игъэзащIэ «Узыншагъэр хъуэн Iэнатlэр егъэфIэкIуэн» программэм ипкъ иткIэ, ди республикэм сом мелуан 89-рэ иджыри къыхуаутIыщащ. Ар нэхъыбэу зытригъэкIуэднэр гъынтхуэхэм щеIэзэ сымаджэщхэр зыхуей-зыхуэфIкIэ къызэгъэпэщынырщ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ узыншагъэр хъуэным хухах мылькыр нэхъыбэ мэхъу, иджы абы и бжыгъэр сом мелардитIрэ мелуан 794-м ноблагъэ. Абы къыхэкIыу, ипэкIэ яубзыхуауэ щыта программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хальхьэнущ.

КъБР-м къэрал мылькуэмрэ щы IуэхуэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Тонконог Анэ** къызэхуэсахэм я пащхьэ хьэрыпхъэхэм «Курорт Эльбрус» акционер зэгуэныгъэм и акцэхэм щыщ къащхьуным ехьэIа проектыр. Абы текIуэдэнущ сом мелуан 207-рэ мин 757-рэ. А мылькур къызыхахыну я мурадыр республикэм и бюджетращ. Псори зы илъэсым и бюджетым къыхамыхьу, илъэситIым трагуэшэнущ. Абы республикэм Iэмал кьритынущ «Курорт Эльбрус»-м и Iыхьэу хэтыыр игъэбгъуэну.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

● Жылагъуэ палатэм



## Iуэхухэр нэхъ дэкIын папщIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Щэшэн Республикэмрэ я Жылагъуэ палатэхэм я унафэщIхэу Тау Пщыкъан Батаев Гаирсолтрэ махуитI ялэкIэ Iэ щIадзащ ешхэр зи пашэ IухъущIапlэхэр зэрызэдэлажьэным теухуа зэгурыIуэныгъэм.**

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым Тау Пщыкъан жиIащ зэкъуэш республикIэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм заубгъу зэпыту зэрекIуэкIыр, ахэр къэрал политикэми щIыхьэ хозяйствэми зэрыхуэгъэзар. Иджы зэращIыIа зэгурыIуэныгъэм и фIыгъэкIэ, жылагъуэ Iэнатlэми жыджэру щыIэздзэнэкъуэ.

«Нобэ Iэ зыщIэддза документыр щыхьэт тохъуэ ди жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэм зедгъэубгъуну, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Щэшэн Республикэмрэ ис лъэпкъхэм я зэгурыIуэныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ дгъэбыдэну дызэрыхуIэкъуэн», - кIыхьагъэщхьэхуIащ Тау Пщыкъан.

ЗэгурыIуэныгъэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, палататIыр информацэкIэ, зэфIагъэкIыну я мурадхэмкIэ зэхъуэжьнущ, жылагъуэ мыхьэнэ зиIэ Iуэху нэхъыщхьэхэм ехьэлIа лэжьыгъэхэр зэщIыгъуу кьызэрагъэпэщыжынущ.

«Дэ дыщогугъ къэшъуэтэныгъэр, мамырыгъэр, зэпIэзэрытныгъэр ди щIыналъэм щыхьэмныкIэ, Урысей Федерацэм граждан жылагъуэ Iуэхухэм зыщIегъэужьынымкIэ нобэ Iэ зыщIэддза зэгурыIуэныгъэр сэбэп хьуну, - жиIащ Щэшэн Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщI Батаев Гаирсолтэ. - Апхуэдэу лъэныкъуитIри хущIэкъуэнущ ди республикэхэм и лъэпкъхэм я щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэм зегъэубгъуным, сатум пымыщIа организацэхэм я зэдэлажьэкIэр егъэфIэкIуэным, жылагъуэм зыщIыкIыкъэ гугъуехьэр зэкIэлъыкIуэу дгъэкIыным».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэм кьыхалъхьащ ди республикэм щыпсэу щэшэн диаспорэм и жылагъуэ зэгуэныгъэ кьызэрагъэпэщыну.

ЗэIущIэм и кIэуэным хьащIэхэмрэ бысымхэмрэ фэеплъ тыгъэхэмкIэ зэхъуэжащ.

***КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-IуэхущIапlэмрэ.***

## Къанокъуэ Арсен яукIа журналистым и Iыхьлыхэм яхуогузавэ

- ЦIыхугъэм зыкIи къемызэгъ, напэнщагъэ зыхъэлъ щIэпхьаджагъэ кьэхуауац. А гуэвзэгъуэр кьыщIэхъуам и щхьэусыгъуэхэр зэкIэ гурыIуэгъуэкъым, ауз щэч кьыпумыкьэжу пхужыIэнур пэжыгъэ нэс зыхэтэ, пщIэ зыхуащI, куэдкIэ узыщыгугъын IэщIагъэлъ щIалэ, журналисту зэрылажьа щIагъуэ щымыIэу зэрыхэкIуэдарц. Псори зэрыщыгъуаэзщи, Геккиев Къазбэч хэкъуэзауэ хабзэншагъэхэр щыхэпкърих зы репортажи игъэхьэзырыжьым. Ар диктору, телевидензм къызэрихьэмкIэ яцIыхуу, республикэм щыIэ хъыбарыщIэхэр урысыбзэрэ езым и анэдэлъхубзэу щыт балъкъэрыбзэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм я дежнигъэсу арат.

ЩIэпхьаджащIэхэм тезырхэм я нхъ ткIийр къалажь икIи къэхъуар зэхэгъэкIыныр хабзэхьумэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм я дежкIэ пщIэ зыпыль къалэнщ. Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу Геккиев Къазбэч и унагъуэм, абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ сахуогузавэ.

● Налшык

## ЩIымахуэм хуэхьэзыру IуощIэ

Налшык къали абы и гъунэгъу жылагъуэхэри зыхуеину псымкIэ къызэгъэпэщыныр, псы къагъэсэбэпар псэупIэ унэхэмрэ IуэхущIапlэхэмрэ къыщIэщыныр и пщэм дэлъщ «Водоканал» МУП-м. Илъэс кьэси щIымахуэр къыщыблагъэм и деж абы и гуп щхьэхуэхэр техникэ зыхуеиным хуэдизрэ дагъэгъэсыныпхъэкIэ ирагъэкIу. Псом нэхъыщхьэращи, IэщIагъэлIэхэмкIэ управленэр сыт щыгъуи къызэгъэпэщащ.

ИЛЪЭС дызэрытым и щэкIуэгъуэ, дыгъэгъазэ мазэхэм уэфIу зэрекIуэкIам и фIыгъэкIэ, «Водоканал»-м и псыхъэмапIэхэм зэгъэпэщыныгъэ лажьыгъэ къуэдащ щрагъэкIуэкIащ. ЗэгъэпэщажьэкIуэ гупхэр дяпэкIи жэщымахуи лажьэнущ.

Нэгъабэ ди республикэм щIымахуэр егъэлеиуэ щIыIуэ зэрыщыщытам гугъуехуэ къыхьам къыхаха дерсхэр къалъытэу, я лэжьыгъэм мы гъэм нэхъ егугъуну я мурадщ. Дэри унагъуэ, IуэхущIапlэ щхьэхуэхэм дащоугугъ нэхъ набдзэгубдзапIъэу я псы зекIуапIэхэр зехьэным кIэлъыплъыну.

Фи упщIэхэмрэ ныкъусаныгъэ фльагъуэхэмкIэ зыкьытхуэнгьазэ мы телефонхэмкIэ: 42-50-40, 42-22-16.

БЕКЪАЛДЫ Анатолэ,
*«Водоканал» МУП-м и пресс-IуэхущIапlэм и лэжьакIуэ.*

■ Зэ1ущ1эхэр ■ Гъэщ1эгъэнщ ■ Зэпеуэхэр

## КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт ■ Щбэт къыдокIыгъэ ■ Малъхъэдис

**КъБР-м и Парламентым щэкIуэгъуэм и 28-м щекIуэкIащ щIыуэпсым и мэзгъэфIэн щIыпIэхэр (заповедникхэр) зэрахьумэ щIыкIэмрэ абыхъэм зегъэужьыным теухуауэ ирагъэкIуэкI IуэхущIхэмрэ щытепсэльыхь зэIущIэ.**

АР ИРАГЪЭКIУЭКIАЩ республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Бозий Натбийр** а Хабзэгъэуэ Iэнатlэм Экологиемрэ щIыуэпсым къэгъэсэбэпыныкIэ и комитетым и тхьэмадэ **Несутулов Викторрэ.**

КъБР-м и мэзгъэфIэн щIыпIэхэр Iыхьиту гуэщащ. Ящэм кьыдэсщIеубыдэ Къэбэрдей-Балъкъэр бгы лъагэ мэзгъэфIэныкIэ гуэщащхьамахуэ льапIэ» лъэпкъ паркымрэ. ЕтIуанэм хохьэ къэрал заказникхэр, щIыуэпсым и хьугъуэфIыгъуэу кьалпыгэхэр, щIыхуэм узышагъэ кьыхуэзыхь щIыпIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Ящэ псалъэ иратащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэзгъэфIэн щIыпIэхэм я дирекцэхэр» къэрал IуэхущIапlэм и унафэщI **Пакъ Руслан.** Ар зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ щIыуэпсыр зи хэщIапIэ псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ хьумэным хуэ-гъэзэжьыным, щIыуэпсым и хьугъуэфIыгъуэу кьалпыгэхэр, щIыхуэм узышагъэ кьыхуэзыхь щIыпIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Ящэу псалъэ иратащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэзгъэфIэн щIыпIэхэмрэ я IуэхущIапlэмрэ я унафэщI **Пакъ Руслан.** Ар зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ щIыуэпсыр зи хэщIапIэ псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ хьумэным хуэ-гъэзэжьыным, щIыуэпсым и хьугъуэфIыгъуэу кьалпыгэхэр, щIыхуэм узышагъэ кьыхуэзыхь щIыпIэхэр, нэгъуэщIхэри.

2012 гъэм къриубыдэу щIыхуэм дэIэпыкIыгъуэщхьэ яхуэхъуауац Псыгуэнсу щыкIуэкI. ЩIыпIэ администрацэмрэ бэджэндырылажьэхэмрэ зэгъуэгуэ кьуажэм дэс нэхъыжьхэм я бжьмкIуэ, ерыскъыкIэ зыщIагъакъуэ. Апхуэдэ гулыитэ хуащI унагъуэ хуэмыщIаэмрэ бынунагъэщхэхэмри.

2012 гъэм къриубыдэу щIыхуэм дэIэпыкIыгъуэщхьэ яхуэхъуауац Псыгуэнсу щыкIуэкI. ЩIыпIэ администрацэмрэ бэджэндырылажьэхэмрэ зэгъуэгуэ кьуажэм дэс нэхъыжьхэм я бжьмкIуэ, ерыскъыкIэ зыщIагъакъуэ. Апхуэдэ гулыитэ хуащI унагъуэ хуэмыщIаэмрэ бынунагъэщхэхэмри.

● Аруан куей

## Гулъытэ яхэлъщ

КЪЭХЪУН кьуажэм зауэмрэ лажьыгъэмрэ я ветеранэ, пенсионеру миным щIигъу дэсщи, зы илъэси кьанэржьым щыпIэ бэджэндыдрылажьэхэр абыхъэм ядэмыIэпыкIуэу. Кьапщтэмэ, мы илъэсым Iуахьжа гуздэым щыщу сом мин 212-рэ и уасэ щIыхуи 136-м хурагъэшащ. Кьэхъун дэс нэхъыжьхэм фIыщIэ ин хуащIу я щIэ кьраIуэ Кьамбий Хьэутий. Думэныщ Беслъэн, Кьазбэч Пенэ, Борчаев Зейтун, Блэнаэу СультIан сымэ.

Мыпхуэдэ псапащIэ Iуэхухэр щIэх-щIэхьыуэ Псыгуэнсуи щокIуэкI. ЩIыпIэ администрацэмрэ бэджэндыдрылажьэхэмрэ зэгъуэгуэ кьуажэм дэс нэхъыжьхэм я бжьмкIуэ, ерыскъыкIэ зыщIагъакъуэ. Апхуэдэ гулыитэ хуащI унагъуэ хуэмыщIаэхэмрэ бынунагъэщхэхэмри.

2012 гъэм къриубыдэу щIыхуэм дэIэпыкIыгъуэщхьэ яхуэхъуауац Псыгуэнсу щыкIуэкI. ЩIыпIэ администрацэмрэ бэджэндыдрылажьэхэмрэ зэгъуэгуэ кьуажэм дэс нэхъыжьхэм я бжьмкIуэ, ерыскъыкIэ зыщIагъакъуэ. Апхуэдэ гулыитэ хуащI унагъуэ хуэмыщIаэхэмрэ бынунагъэщхэхэмри.

● Хъыбар гуапэ

## «Школ унафэщI нэхъыфI-2012»

**Хабзэ хъуауэ, илъэс зыбжанэ льандэрэ ди къэралым щокIуэкI щыгъуэ еджапIэхэм я унафэщIхэм я урысейпсэ щIэнеуэ. УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм ирагъэкIуэкI а зэхьэзэхуэр жыджэру даIыгъ УФ-м и Жылагъуэ палатэм, «ЭкономикэмкIэ школ нэхъыщхьэ» лъэпкъ къэхутэныгъэ университетым, ЕгъэджэныгъэмкIэ Урысей академием. Мазаем и 1-м ауфа ныгъэрей зэхьэзэхуэрэ нэхъыбэу зытраухуауэ щытар школхэм я унафэщIхэм я зэфIэкI псори нэсу кьэгъэнэIуэныр щ.**

ЗЭПЕУЭМ хэтыну ирагъэблагъа кьрыт еджапIэхэм я унафэщIхэм я лэжьыгъэ 300-м щIигъум япэ щыкIэ хэпльащ эксперт щIэрыIуэхэр, абыхъэм я лэжьакIэм, Iуэху бгъэдыхьэкIэм хэль щхьэхуэныгъэхэр ягъэбелджылыIуэ. Зи дэфтэрэр нэхъ хьэIэмэту, купщIафIэу кьалъытэ школ унафэщI 30-р Москва ирагъэблагъащ икIи абы щызэпеуащ «Зыужьыныгъэм ухуэзышэр дэтхэнэ IэщIагъэлъмэ и зэфIэкIырщынэтIыныгъэмкIэ. Абдежым курыт школхэм я пашхэм кьыщагъэльэгъуащ я лэжьыгъэм щызыIэрагъэхьа екъуиIэныгъэхэм кьадэкIуэу, я нэIэм щIэт IэщIагъэлIэхэм я зэфIэкIэр школым и зыужьыныгъэм зэрыхуаунэтI щыкIэхэри. А Iыхьэм щагъэбелджыла школ унафэщIи къуэдзэ **Боэий Натбийр** а Хабзэгъэуэ Iэнатlэм Экологиемрэ щIыуэпсым къэгъэсэбэпыныкIэ и комитетым и тхьэмадэ **Несутулов Викторрэ.**

КъБР-м и мэзгъэфIэн щIыпIэхэр Iыхьиту гуэщащ. Ящэм кьыдэсщIеубыдэ Къэбэрдей-Балъкъэр бгы лъагэ мэзгъэфIэныкIэ гуэщащхьамахуэ льапIэ» лъэпкъ паркымрэ. ЕтIуанэм хохьэ къэрал заказникхэр, щIыуэпсым и хьугъуэфIыгъуэу кьалпыгэхэр, щIыхуэм узышагъэ кьыхуэзыхь щIыпIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Ящэу псалъэ иратащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэзгъэфIэн щIыпIэхэмрэ я IуэхущIапlэмрэ я унафэщI **Пакъ Руслан.** Ар зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ щIыуэпсыр зи хэщIапIэ псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ хьумэным хуэ-гъэзэжьыным, щIыуэпсым и хьугъуэфIыгъуэу кьалпыгэхэр, щIыхуэм узышагъэ кьыхуэзыхь щIыпIэхэр, нэгъуэщIхэри.

● КъБР-м и Парламентым

## «ЩIыуэпсым дыхуэвгъэзакъ» къыхуеджэныгъэм щIэту

гъэзауэ езыр зи тхьэмадэ Iэнатlэм 2012 гъэм зэфIигъэкIа Iуэхугъуэхэм.

КупщIафIэт Къэбэрдей-Балъкъэр бгы лъагэ мэзгъэфIэн IуэхущIапlэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Уянаев Ильяс** и лэжьэгъэнэгъэри.

- МэзгъэфIэным щIыуэ гектар 82-рэ иIыгъащ, - жиIащ Уянаевым. - Абы и нэхъыбэр кьурщIыпIэ-мэзыпIэщIи, ар псыхьуэ-псыкъуэкIэрэ кьащIтэмэ, Iыхьи 5-у гуэщащ. Есы IуэхущIапlэмэ кьудами 3 иIэщ. Абыхъэм псоми зэхэту щIэныгъэ лэжьакIуэу 10 яIэщ. Ахэр щIэх-щIэхьуэрэ еджакIуэ щыкIуэм яхуоуэ. ЛэжьакIуэхэм я нэIэ зытет щIыуэпсыр, дыкъэзыуухьуреихь дунейр хьумэным теухуа дерсхэр драгъэкIуэкI. Апхуэдэу, 2012 гъэм кьриубыдэу зи гугъу тщIа дерсымкIэ школакIуэу 500-м нэблагъэ кьыхэщIауэ быдащ. МэзгъэфIэныр щыIапIапIэ гуп зэгъэуIуэхэмэ я кIуапIэ зэрытщыным иужь дитщ.

- МэзгъэфIэным хуэсакъыным теухуауэ, - кьыпищащ и псалъэм Уянаевым, - гъунапкъэхъумэхэр сыт и лъэныкъуэкIи кьыдэIэпыкъуну хьэзырщ. Псом хуэмыдэу псэущхьэхэр, хьэкIэхъуэхэр мардэм емызэгъыу зэтезыкIэ зэранщIакIуэхэм я пщIэуэзэныкIэ. Ауэ дэ ельм зыдэзымыгъэуэщI Iуэхугъуэхэм ящыщщ ди лэжьакIуэхэм я улахуэм арэзы дыкъызэримыщIымрэ дызыхуей техникэкIэ, н.къ. дыкъызэрыгъэмыгъэщамрэ. Гъэ кьакIуэ уней щакIуэ IуэхущIапlэхэр кьызэдгъэпэщыну ди мурадщ. Ди гугъэщ абы ди лэжьыгъэм тIэкIу зригъэхъуэжьну.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*



## Дунейм щыхъыбархэр

### Зытепсэльыхьым зэрыхищIыкIыр нэрылъагъуэ

**УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Медведев Дмитрий дыгъуасэ яIущIащ телеканалитхум я лIыкIуэхэм икIи ахэр зыщIэупщIахэм жэуап яритащ.**

Ди къэралым щыпхэхъ щIэрыIуэ Янэ, Урысей, НТВ, Уэшх, РЕН ТВ телеканалхэм я журналистхэр куэдым щIэупщIащ: пенсэм теухуа зэхъуэжьныгъэхэм, Iулъхъэ кьеIыныгъэхэмрэ ущыгугъуэ, IуэхущIапlэхэм сэбэп яхуоуэ политикэм щагъыгъ ывлIэр ягъэбыдэныжьэ. Интервьюм епIла политологхэм зорыжаIэмкIэ, кьаIэт сыт хуэдэ Iуэхуми зорыхищIыкIыр нэрылъагъуу, тегушхуэныгъэ хэльу кьэпсэльащ Медведевыр.

### Гъуэжькуийм и Iэужьэр

**Филиппинхэм щыщ Минданао хьITыгум и ящIэ лъэныкъуэмкIэ кьащIащIэуа псылъэм хэщIныгъэщIхуэ кьыхуихьащ къэралым.**

Нью Батан кьалэм дэсхэри абы и удыныр ихъыбэу зыгъэхуар. КьахуэкIуэ гъуэжькуий щынагъуэм щIыхуэхэр щахъуэмэн мурадкIэ, ахэр щIыпIэм ирашын щIадзэри, щIыху мин 56-м щигъу я гъэIэпхъуат. Ауэ псори я гъэIэпхъуэну хунэсакъым - щIыху 500-м нэблагъэ хуIуэдзауэ, 400-м нэсым я хьыбар ямыщIэу кьат.

Псыдзэр къезыхужьа жьым сыхьэтым километр 200 икIуат. Жьапщэр нэхъ щIыкIу хъуами, щытыкIэр зэпIэзэрыт хьужауэ щхьаIэнуукъым. Уная ту кэзэ псэупIэншэу кьэнащ. ЦIыхухэр гугъу ирегъэхь ерыскъыр, псы зэфэныр, щыгъын хуабэхэр, хущхьуэхэр кьаэзрем щIэкIым. IэщIагъэлIэхэм зэрыжаIэмкIэ, къарал унафэщIхэр иджыри мысакъыу зыщукъым - гъэжькуийр щIыналъэм щикIынур тхьэмахуэм и кIэрщ.

Лъэпкъ IущIагъэ:

**Фызыр щIагъуэмэ, унагъуэм къеIуатэ.**

## Республикэм щыпсэухэм ящIэн щхьэкIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм теухуауэ хьыбар зэревгъащIэ зыхуей телефонэр.

Властым и лIыкIуэхэм яIыгъ кьулыкъуэхэр я щхьэ IуэхукIэ къызэрагъэсэбэпым, лэжьыгъэм ехьэлIа, уголовнэ законодательствэр къызэрызэпаудым фIыщIгъуазэмэ, а телефонхэмкIэ Администрацэм и лэжьакIуэхэм захуэзвгъаэз хьунущ. ХэIущIыIу фIыщIну фызыгъешыныхь Iуэху гуэрхэм фызгепсэльыхьынымэ, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и лэжьакIуэхэм зыкIыфпащIэ зэрыхьуну телефоныр къэвгъэзыгъэмэ зэфIэкIынущ.

ЦIыхухэм къабгъэдэкI дэтхэнэ хьыбарри урысей законодательствэм къызэригъэувым тету зэхагъэкIынущ хабзэхьумэ, къэпщытакIуэ органхэм. Хьыбарыр къызэрыщIэдгъэкIар хэIущIыIу ящынукъым.

Телефонхэр: **8(8662) 47-17-79, 47-32-56.**

# «Щыуэпсым дыхуэвгъэсакъ!» къыхуеджэныгъэм щIэту

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

КъыкIэлыкIуэу псалъэ иратащ «Іуащхьэмахуэ лъапэ» лъэпкь пархым и тхьэмадэм и къуэдзэ **Моллаев Пэхьир.**

- Гектари 101-рэ зыбыгъ мэзгъэфIэнным республикэм и Іуащхьэмахуэ, Дзэлыкъуэ куейхэм зыщигъбгъащ, - жиIащ абы. - Ар цIыхуэр нэгуэгъэужьакIуэ-зыгъэпсэхуакIуэ нэхъ здэкIуэ щIыпIэхэм ящыщщ. Абы къыхэкIи, зэфбгъэтIыпкI мыхъуну Іуэхугъуэу дэ кьыдольытэ уней зыгъэпсэхупIэхэр зейхэмрэ щIыуэпсыр зыхьумэну зи кьалэн ІуэхущапIэхэмрэ я зэхуаку дэлъын хуей зэхущытыкIэхэр хабзэ и лъэныкъуэкIэ убзыхуныр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, дыкъэзыухъуреихь дунейр хьумэныр лъэныкъуитIым я дежкIи сэбэпынагъ зыпылъщ. Дэ дызэрепльымкIэ, лъэпкъ пархым кьыIэрыхьэн хуейщ уней зыгъэпсэхупIэхэм ят арендэ уасэмрэ щIыуэпсыр зыхьумэхэм кьуэдыуэ кьыхах ахьшэмрэ щыщ Іыхьэ гуэркхэр.

Щыпlапlэхэм мэзгъэфIэным кьыз эрыщагкIухьым теухуауэ и Іуэху епльыкIэр жиIащ Парламентым и Тхьэмадэм и къуэдзэ **Боэй Натбий:**

- Загъэпсэхуну фи дежи накIуэхэм лъагъуэ пыухыкIахэр яхухэсфыщи эзрыхуейр зыщыбмигъэгъупщэ. КьищыкъымыщIауэ, абыхэм щызэхэзекIуэхэр зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкIэ кьыз эзгъэпсэщ. Армыхьуамэ, «мис мыбдежьми согъэбыдэ-ри, адэкIэ укIуэнумэ, и уасэ кьыдэт» жыIэкIэ зэфIэкIыкIыкым. Апхуэдэу пщIэну Урысейм и хабзэхэм ятеуп уащIыркым.

Адэкlэ утыкум кьихьащ «Урысейм и щыIуэпсыр щIэплъыкIынымкIэ» КъБР-м щыIэ управленэм и унафэщI **Асанов Зейтун.**

- ЩIыуэпсым кIэлъыплъыныр Іуэху тыншкьым, - жиIащ Асановым. - Абы ипкъ иткIэ зэгъэзэжуэжьын хуейр куэдщ. Иджыпсту Іуащхьэмахуэ лъапэ Нью-Йорк и хьэблэ зэхуэгуам ещхь хьуащ. КIэрыхубжьэрыхур Іузымышыжу кьэзыгъанэр куэдыкIейщ. Апхуэдэ щытыкIэм ещхь гуэрхэр щыбольагъу Ашыджэр псы хуабэ кьыщIэжьыпIэми. КьищыкъымыщIауэ, абдежьми псы хущхьэхэр кьыхэзырыщагъэсэбэпми уегъэгужьей: мардэ жьыхуаIэм кIэлъымыплъу, лиценз гуэри ямыIэу, ухуэныгъэхэр кьезыгъажьэр куэд щыхьащ а щIыпIэми. Тамбуканэ гуэлым и Іуэху зыIутри гурыIуэгъуэкIым. А «ХI жьейм» и нэхъыбапIэр Кьэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм Тембот Асльэнбий и цIэр зэрихьу щыIэ **Гъэпсы Тембот Асльэнбий** и экологие институтым» и унафэщI **Тембот ФатIимэт** тепсэлыхьащ мэзым щIэс псэущхьэхэм ящыщу нэхъ зыхуэсакьыпхьэхэмрэ кIуэдыжьынкIэ щынагъуэ хьуа, ди хэгъуэгум фIэкIа зы щIыпIи кьащIымыкI удз лIэужьыгъуэхэмрэ. Абы кьыхихьащ зи гугъу ищI кьэжьагъэхэр хьумэныр, апхуэдэхэр кьыщыкI Тэрч бгы тхыцIэм мэзгъэфIэн цIыкIу кьыщыIэзгъэпщапхьэу.

Темботым и псальэм кьыпищащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм псэущхьэхэр, псы хьуманIэхэмрэ абы щыпсэухэмрэ хуэсакьыу кьэгъэсэбэныкIэ и кьудамэм и тхьэмадэ **Мату Мухьамэд.**

- Дэ ди кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ, - жиIащ абы, - ипэкIэ кьэпсэльам зи гугъу ищI мэзгъэфIэнхэр кьиэзгъэпэщыныкъэ ахэр хьумэныр зэтеублэнымрэ. Нэхъ зыхуэсакьыпхьэ псэущхьэхэр, удэхэр джыным теухуауэ щIэнигъэ кьэхуэтыныгъэхэр егъэкIуэкIауэ, ахэр зэрыт тхыль щхьэхуи кьыдэгъэкIын хуейщ.

**КЪУМАХУЭ Асльэн.**

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

# Канадэм и IэщIагъэлIхэм къыддэлэжьэну я мурадщ

**Канадэм щыщ «Almonty» инвестицIэ компаниемрэ вольфрамым елэжьыныкIэ абы и чэнджэщзэгу «SaintBarbaraLLP» компаниемрэ я лIыкIуэхэр махуэ зыбжанэкIэ Іуащхьэмахуэ районым щыIащ, Тырныауэ и вольфрам-молибден кьыщIэхьпIэм и щытыкIэм щыгъуазэ зэащIу.**

РАЙОН администрацэм и Іэтащхьэ **Малкаров Асльэн** хьэщIэхэм щепсальэм, кьрихьэлIащ комбинатым и унафэщI илъэс куэдкIэ лэжьа, иджы «Ай Би Си Промстрой» трестым и генеральнэ директорым и кьудамэ **Блай Борис,** комбинатым и геологыщ щытаэр, КъБР-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм иджырей технологиякъэ кьэгъэсэбэпыныкIэ и кьудамэм и унафэщI **Блануэ Заурбэч** сымэ.

Малкаров Асльэн Канадэм кьикIа Іэщ1агъэлIхэр районым и географием, абы и социально-экономикэ зыужьныныгъэм и унэтIныгъэ нэхъыщхьэхэм щыгъуазэ ищIащ. Комбинатыр зэтегъэувэжьыным зугъэзэхуэ КъБР-м и Правительствэм концепцэ пIыукIкIа кьыз эрищтар кьыхигъэщри, районым адміністрацэм и Іэтащхьэм кьинэлъэлъэуащ. Іэжьыгъэ псори технологие нэхъ пэрыту щыIэхэр и лъабжьэу кьыз эрагъэпэщыну зэрамурадр. «ДызыкIуэщIэкъуэ Іуэхуэр кьыдэхуэлIэмэ, районым и1эпхъукIэр нэхъ мащIэ хьунущ, ди щIалэгъуалэм яхуэфащэн лэжьапIэ Іэнатlэкэр ягъуэтынущ», - хэхауэ жиIащ Малкаров Асльэн.

Блай Борис тепсэлыхьащ ыкIи металлургие Іэнатlэр зэрызэгъэгъуэвауэ щытам, абы зэрызиужьам. ХьэщIэхэм абы ригъэщыхьуащ Тырныауэ шахтэ уху4кIуэ управленэм и унафэщI Мизиев Мухьтар. А Іуэхущапlэм ухуэныгъэхэр зэрыригъэжьIуэнкIэ программэ гъэзэщIэным пащэу, Іэжьыгъэ псори технологие нэхъ пэрыту щыIэхэр и лъабжьэу кьызэрагъэпэщыну зэрамурадр. «ДызыхуэщIэкъуэ Іуэхуэр кьыдэхуэлIэмэ, районым и1эпхъукIэр нэхъ мащIэ хьунущ, ди щIалэгъуалэм яхуэфащэн іэжьапIэ Іэнатlэкэр ягъуэтынущ», - хэхауэ жиIащ Малкаров Асльэн.

«Almonty» компаниемрэ и инженер **Вэльс Энди** кьыхигъэщхьэхуэдащ езыр зи лIыкIуэ Іуэхущапlэм и нэ4 куэд щауэ Тырныауэ кьыщIэхьпIэм зэрыстетар: «Кавказ Ищхьэрэм зегъэужьынымкIэ корпораци» акционер зэгугъэныгъэ зэIуахэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ зэщIыгъуу кьыхалъхьа жэрдэмым ипкъ иткIэ, дэ Іуэхум и щытыкIэр зэдгъэльагъэ папщIэ дыкъежьащ». Абы кьыхигъэщхьэхуэщ кьэрщхэм руда кьыщIэщIэзых, фейдэ пыIуну яхуэмыгъэлажьэ предприятэхэр кьэрал зэмылIэужьыгъуэхэм кьыщIэщхьужьэ, мы компаниер зэрызэтригъэувэжьыр.

«Кавказ Ищхьэрэм зегъэужьныныкIэ корпораци» акционер зэгугъэныгъэ зэIуахэм финансхэмкIэ и аналитик **Голева Максим** зэIущIэм кьэрихьэлIэхэр щыгъуазэ ящIащ мы зэгухьэныгъэр ильэситI и пэкIэ кьыз эрызэрагъэпэщам икIи Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щIыналъэм щагъэзащIэ инфраструктурэ проектхэм ар щIэтхъуэгъэжьауэ зэрыхуэжьыжьым.

Абы хэтахэр руда кьущыщIахэу щыта щIыпIэхэм, апхуэдэу метр 3600-рэ зи лъагагъ щIыпIэм Тырныауэ вольфрам-молибден комбинатым и Іуэхущапlэу щыIэм епльащ.

**ТАРИМ Алисэ.**

Жанатаев Сэлим.

● Депутатым и псалъэ

# «Къуажэ дохутыр» проектыр ягъэзащIэ

**Абы ипкъ иткIэ КъБР-м узынщагъэр хьумэныжьмкIэ и кьуажэ Іуэхущапlэхэм дохутыр ныбжьыщIэу 136-рэ ягъэкIуащ икIи абыхэм ящыщу 69-м зыхуэфащэ компенсацэхэр иратащ. Кьуажэдэсхэм я узынщагъэм кIэлъыплъынухэм я ныбжьыр илъэс 35-м щIигъуркым, абыхэм интернатурэр, ординатурэр кьаухащ. Апхуэдэу жиIащ «Къуажэ дохутыр» проектым и убзыхуакIуэ, КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкlэ, социальэ политикэмрэ узынщагъэр хьумэныжьмкIэ и комитетым и унафэщI Жанатаев Сэлим.**

«УРЫСЕЙ Федерацэм фIэкIыпIэ зимыIэ и медицинэ страховкэмэ и Іуэхухэр» 2010 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м кьащта Федеральнэ закон №326-ФЗ-м и 51-нэ статьям тету, КъБР-м и Правительствэм кьищтащ республикэм и куажэхэм щылэжьэну ягъакIуэ дохутырхэм ахьшэкIэ зэрызыщагъакьуэм теухуа хабзэ», - кьыхигъэщхьэхуакIащ абы.

Жанатаев Сэлим кьыззэригъэлъэгъуамкIэ, зи ныбжьыр илъэс 35-м фIэмакIэ щIигъэлIу 2011 - 2012 гъэхэм кьуажэхэм Іэпхъуакъэм иращIыла зэгурыIуэныгъэхэм япкъ иткIэ, абыхэм федеральнэ бюджетым кьыжьIыу сом мелуан, республикэ бюджетым кьыхэжьIыу сом мин 100 ят. А ахъшэр медицинэм и лэжьакIэм зэрызыуейуэ кьыгъэсэбэпыну хуитщ. Ауэ Іэщ1агъэлIэ щIалэм и кьалэнщ кьуажэм дэт медицинэ Іэнатlэм ильэситхукIэ щылэжьэну.

Абыхэм кьадэкIуэу, кьуажэхэм щылажьэ дохутырхэм я лэжьапщIэм процент 25-рэ, район центрхэм щылажьэхэм процент 10 хущIагъу.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапlэ.*

Іуэгъуэ Светланэ зэIущIэ ирегъэкIуэкI.

● ЗэIущIэхэр

# Егъэджэныгъэм и лъабжьэр гъэсэныгъэрщ

**Сабийм и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м и Іэтащхьэм и деж щыIэ Іуэгъуз Светланэ Тэрч районым щыпсэухэм яIущIаш. Зи щхьэ ІуэхукIэ кьэкIуахэм яIущIэм и пэкIэ ар епсэльащ районым егъэджэныгъэмкIэ и управленэм опекэмрэ попечительствэмкIэ и органым, къэралыгъэ Іуэхуэмкlэ отделым балигъ мыхьуахэм ядэлажьэ и кьудамэм, сабийхэм кьащхьщыжьныкIэ абыхэм я сэбэп зыхэлъхэр хьумэныжьмкIэ адрей Іэнатlэхэм я лIыкIуэхэм.**

САБИЙХЭР егъэджэным, гъэсэным, абыхэм кьащхьщыжьныным пыщIа Іуэху куэдым щытепсэльыхьа зэIущIэр иуха ноужь, сабийхэм я хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэр зи щхьэ ІуэхукIэ кьекIуэлIа цIыхуэхэм яIущIащ икIи абыхэм я тхьэусыхафэхэм щыгъуазэ зэпщIащ.

Тэрч районым ис адэ-анэхэр зыгъэпсэлIейтей Іуэхуэхэм ящыщщ зи узынщагъэр зэкIэлъымыкIуэхэр зэрырагъаджэ щыкIэр, ди Іуэхуэхэр школхэм щегъэджэныр кьызэрызэрагъэпэщыр, нэгъуэщIэхэр. Куэдым кьаIэтащ псэупIэмкIэ, лэжьыгъэмкIэ законодательствэм пыща Іуэхуэхэр, сабийныкъуэдыкъуэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ират социальнэ дэIепыкъуныгъэм хэгъэхъуэн зэрыхуейр.

Цыхуэхэм яIущIа нэужь, Іуэгъуз Светланэ Тэрч кьалэм и прогимназие №1-м щыIащ.

● Интернет Іуэхутхьэбзэ

# Жылагъуэм и сэбэп хэлъу

**Кьэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ организацэхэм защIэгъэкъуэныжьмкIэ программэ гъэзэщIэным пащэу, хьэрычэтыщIэу щымыт организацэхэм я Интернет-портал ди республикэм кьыщызэрагъэпэщащ.**

ПОРТАЛЫМ и кьалэн нэхъыщхьэр хьэрычэтыщIэу щымыт Іэнатlэхэм я Іуэхущапlэм цIыхуэхэм зыщыгъэгъэзэжьынырщ.

Интернет кьудамэм и кьызэрэпэщащIэу КъБР-м и Хьыбарегъащ Іуэхущапlэхэмкlэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэрщ.

Порталым хьыбарыщIэхэмрэ упщIэхэм я жэуапхэмрэ ибгъуэтэнущ. Псальэм папщIэ, сыт зищыысир хьэрычэтыщIэу щымыт организацэхэр, сыт хуэдэ кьалэн абыхэм ди республикэм щагъэзащIэр, зи гугъу тщIы организацэм хуэдэ кьызэзбгъэпэщыкIи щхьэкIэ сыт лэжьын хуейр - а упщIэхэм я жэуапхэр мыбы кьыщыбгъуэтынущ. КьищынэмыщIауэ, порталым ушегъэгъуазэ хьэрычэтыщIэу щымыт организацэхэр щызэхуашэс пIалъэм теухуа хьэбзархэм, лэжьыгъэм епхаяу узыхуеинуэм, хабзэгъэуя актхэм, зэпеуэхэм, грантхэм, нэгъуэщIэхэмк.

Порталыр кьызэгъэпэщыныр гъащIэм кьигъэува Іуэхугъуэщ. Мы зэманым Кьэбэрдей-Балъкъэрым зи гугъу тщIы организацэхэм хуэдэу 850-рэ ятщ. Абыхэм я лэжьыгъэр хуэунэтIащ социальнэ мыхьэнэ зиIэ Іуэхугъуэхэм: сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ гъэсэным, гугъуэхь хэхуа цIыхуэхэм ядэIепыкъуным, ныбжьыщIэхэр уэзыншагъэм хуэущиныным, дыкъэзыхъуреихь дунейр хьумэным, нэгъуэщI-кьинэмыщIхэмк.

Ди республикэр псапащIэ Іуэхущапlэхэр куэду щалэжь щыIэщ. Ар Кьэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ, дин щэнхабзэхэр хуэсакьыу зэрыщыIэрахьэм и щыхьэтщ.

Урысей Федерацэм хьэрычэтыщIэу щымыт организацэхэм зыщыгубгъэн зэрыщIидза кьудейр кьэплъытэмэ, гурыIуэгъэуцI порталыщIэр жылагъуэ организацэхэм сэбэпышхуэ зэрахуэхьунур.

**ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапlэ.**

● ГъэщIэгъуэнщ

# Тхыдэм къытхуиIуатэхэр

**Лъахэхутэ щIэрыIуэхэу Котляровхэр Викторрэ Мариерэ тепсэлыхьащ 2011 гъэм Бахьсэн аузым, Зейкъуэ кьуажэм нэхъ ищхьэIуэкIэ кьыщагъуэта шахтэ-бгъуэнщIагъым. Абы теухуауэ щIэныгъэлIхэм я Іуэху епльыкIэхэр зэтехуэркьым: яныкьуэхэм ар туф къытахуэу жаIэ, адрейхэм ар лъэпкъ щхьэхуэм и Іэрыщ1 ухуэныгъэу хуагъэфащэ. Урысейм и телевизионнэ канал, газет, журнал зэхуэмыдэхэр а Іуэхуэгъэщ ящIэнджэжащ, журналистхэр мы щIыналъэм кьагъэкIуащ, абы теухуа тхыгъэр я кьыщагъуэта щыIпIэм деж щытраха сурэтхэмрэ Интернет-сайт зыбжанэмкIэ зэбграгъэхащ.**

НАЛШЫКДЭСХЭР зытепсэлыхьха кьэхутэныгъэхэм я щIэдзапIэу арат шахтэ-бгъуэнщIагъыр. Абы и ужькIэ хьыбарегъащIэ Іэнатlэхэм и гугъу ящIу щIадзащ шахтэ-бгъуэнщIагъым пэмыжьжьэу кьагъуэта «нартхэм я кьхъэм». Къэралым и Тыдэ жуейми (Москва) а кьэхутэныгъэ зытеныджэхэм гу кьылытэри, и лэжьакIуэхэр Кьэбэрдей-Балъкъэрым кьигъэкIуащ. Нэгъабэрэ зы гъэмрэ налшыкдэсхэм кьагъуэтащ обсерваторэ, курыт лIэщIыгъуэм яуха кьулышырыф, кхъэ, бльн Іэрыщ1, псэупIэ-бгъуэнщIагъ, адыгэлI Іущ Къэзанокъуэ Жаубгаевыр и кхъащхьэ, нэгъуэщIэхэри.

«ИТАР-ТАСС», «Интерфакс», «Кавказский узел», нэгъуэщI Интернет Іэнатlэхэр я Іуэхум тепсэлыхьащ. Урысейм кьышIыдзэкI, щIэупщIэшхуэ зиIэ «Аргументы и факты» газетми ар гурыIэнщIэу кьигъэнакьым - я журналист Кашницкий Савелий республикэм кьакIуэри, а Іуэхум газет напэкIуэцIитху хухихащ. Тхыгъэхэр щэкIуэгъуэм и пэхэм щегъэжьауэ кьытехуащ. 44-нэ номерым тета «В двух шагах от Шамбалы» тхыгъэр зытеухуар Зейкъуэ кьыщагъуэта шахтэ-бгъуэнщIагъырт. 46-нэ номерым зи гугъу щыщща «Котел царя Арианта» кьэхутэныгъэщ иджыпсту Викторрэ Мариерэ зи ужь итыр. 48-нэ номерым кьытехуащ «Великаны Приэльбрусья были предками кавказских народов» тхыгъэ щхьэпэмэтыр. Ардыдзэм укьыщIоджэ «Неуц-быхаемый платок» зыфIеща, нарт Сосрыкъуэ кьыщIэна напэIэльэщым теухуам.

«Загадки яйцеголовых» зыфIеща лэжьыгъэм иджы яужь итщ. Ар теухуащ Котляров эзщхьэгъуэхэр зытетхьха, Кьэбэрдей-Балъкъэрым кьыщагъуэта цIыху щхъэ кьупщхьэшхуэхэм.

КьищынэмыщIауэ, «АнФ»-м и гуэдзэнным тет «СтоЛичность» тхыгъэм Урысейм и щIыналъэхэм щытопсэльыхь. Ардыдзэм кьытехуащ Котляровхэр «Следы ведьм-христиан» зыфIеща тхыгъэ гъэщIэгъэнри.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

● Узыншагъэ

# Фошыгъу узыр шынагъуэщ: зыкъэфпщытэж, фи Іыхьлыхэми факIэлъыплъ

**Мы зэманым фошыгъу узыр апкърыту дуней псом тетщ цыху мелуан 450-рэ, абыхэм я нэхъыбэм - мелуан 424-м - узыфэм и 2-нэ лIэужьыгъуэр апкърытщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, инсулинир яхуирикъуркым.**

РЕСПУБЛИКЭ эндокринологие центрым кьыдата хьыбарым тепщIыхьэ, Кьэбэрдей-Балъкъэрым фошыгъу уз зыпкърытхэм я бжьыгэр мин 15 щохьу; мин 11,5-р 2-нэ лIэужьыгъуэм хеубыдэ, мини 3,5-р апэ лIэужьыгъуэщ (инсулиным емыпхаэхэрщ). Апхуэдэ сымаджэхэм ящыщу 142-р сабийщ.

Фошыгъу уз зыпкърытхэм я махуэм республикэ эндокринологие центрым и поликлиникэм псапащIэ Іуэху кьыщыхалъхьащ. Ди республикэм щыпсэу дэтхэнэ зыри щэкIуэгъуэм и 15-м щегъэжьауэ щыпсэзгъэзэм и 25 пщIондэ а поликлиникэм кIуэмэ, и пIым хэль фошыгъуэ зыхуэздзыр кьъэзыгъащIэ анализхэр пщIэнщэу ирагъэтынущ, апхуэдэуи адэжь я Іуэхур зэрыхьуэным теухуауэ дохутырхэм я чэнджэщ щагъэгъуэтынущ.

Ильэс зыбжанэ хэуауэ ди республикэм щолажьэ Фошыгъу узым и еджапIэу тIу. А узыфэр зыпкърыт сымаджэм щэхъщIэхьыкIэ эндокринологыр эригъэплькI, лъым хэль фошыгъур кьригъэпщкIэ зэфIэкIыркым. Абы Іэмал имыIэу ищIэн хуейщ:

- фошыгъу узыр зищIысыр, ар зэрызэщхьэщидз лIэужьыгъуэхэр;

- лъым хэль фошыгъур мащIэмэ е куэдмэ, кьызэрыпщIэну Іэмал щхьэхуэхэр;

- лъым хэль фошыгъур зыхуэдизым зихьужьажа нужь, щIэн хуейхэр;

- иджырей медицинэм фошыгъу узым зэреIэзэу кьагъэсэбэп Іэмалхэр зыхуэхэр;

- ящх хьунуэр кьыззэрыкихьыпхьэр, нэгъуэщIэхэри.

А упщIэхэм я жэуапхэр кьыщыпщIэнущ Фошыгъу узым и еджапIэхэу республикэ эндокринологие центрым епхауэ лажьэхэм. Абы щыIэ Іэщ1агъэлIэхэр дэIепыкIуэгъэну мэхьу фошыгъу уз зыпкърытхэр зэрыхуэу щытыкIэ зэхуэмыдэхэр зэпкърыхьныныкIэ, дэтхэнэми щхьэхуэу абдеж чэнджэщ щигъуэтыфынущ. Апхуэдэ зы еджапIэр республикэ эндокринологие центрым (Пироговым и уэрам, 4) щолажьэ, етIуанэр - центрым и чэнджэщ щыIэм (Лениным и уэрам, 18). Поликлиникэм хэт еджапIэм дэтхэнэри екIуалIэ зыхуэщI. Абы щыхурагъаджэ уэсса псэукIэм зэхьуэжьныныгъэшхуэ хуымылъхьэу узыфэм уэзрыдекIуэжьныну. А еджапIэр «фIы-кIэ кьэзыххэм лъым хэль фошыгъур кьыззэрапщ Іэмэпсымэхэр саугъэт хуащI.

Апхуэдэуи медицинэм Іэмэпсымэ, инсулин препаратхэр кьыщIэзыгъэкI урысей, хамэ кьэрал Іуэхущапlэхэр хэту ди республикэм щIэх-щIэхуэ щрагъэжьэжкI псапащIэ Іуэхуэгъуэ зэхуэмыдэхэр. Кьапщтэжьа, «Фошыгъу узым и еджапIэ» проектым хэту жэпуэгъуэ мазэм Налшык щыIащ Урысей эндокринологие центрым Сабий эндокринологиемкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь Светлов Галинэ. Абы щыгъуэм еджапIэм эхуэщхьат фошыгъу уз зыпкърыт сабийхэм я адэ-анэхэр. Сабийхэр кьыхуэзгъэгъэща махуэшхуэм хэтыху, адэ-анэхэр Іэщ1агъэлIым епсэльлIащ. Светловэ Галинэ кьызэрыхихьэщамкIэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, Урысейм фошыгъу уз зиIэ сабийхэм я бжьыгэм ильэс кьэсхуэу щыхэхуэрыуэрэ макIуэ. Пэжщ, дызыгъэгуфIэ ІуэхугъуэфIэхэм ящыщщ Кьэбэрдей-Балъкъэрым фошыгъу уз зыпкърыт сабийхэм еIэзэныкI ехьуIэныгъэхэр зэрыщаIэр: Кавказ Ищхьэрэм зэхущIэкъуэ, инсулин Іэзэхэм щIэуз кьыхихьа ІэмалышIэхэр кьэзыгъэсэбэп сабийхэр ди деж кьудкIэ щынэхьыбэщ.

*КъБР-м Узынщагъэр хьумэныжьмкIэ и министерствэм и пресс Іуэхущапlэ.*

● ХьыбарегъащIэ

# Дзэм хагъэхьэнухэр къыхах

**Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и Іуэхущапlэу Налшык щыIэм дэтым контракткIэ дзэм кьулыкъу щащIэн папщIэ кьыхех дзэм кьулыкъу щызыщIахэу иджы запасым щыIэхэр.**

ДЗЭМ ХЫХЬЭНУ зи мурадхэм я ныбжьыр илъэс 40-м щIимыгъуауэ, курыт щIэныгъэ нэхърэ мынэхъ мащIэ яIэу, Урысей Федерацэм Іэщ1кIэ ЗэщIэуэзда и Къарухэм зы илъэс нэхърэ мынэхъ мащIэкIэ кьулыкъу щащIауэ, зыпрыувэну кьулыкъум я узынщагъэкIэ кьеэзгъэкIуу, Іэщ1агъэкIэ ятп, етIуанэ категориехэм хнубыдэу кьагъэсэбэпырэ, я кьарукIэ дзэ кьулыкъум щыIэ мардэхэм кьыкIыу щытын хуейщ.

Контракткlэ кьулыкъу ящIэн папщIэ, дзэм хагъэхьэркьым, зи хьэл-щэнкIэ мыхьумыщIэхэр, фадэм, наркотикхэм дахьэхэр, кьуанщIэхэр, зэрыжьажьам папщIэ суд зытращIыхьауэ щытахэр, контрактым ипкъ иткIэ кьабгъэдэхуэ кьаIэнэхэр зэрамыгъэзащIэм кьыхэжьIыу дзэм кьыхагъэкIыжауэ щытахэр.

Контракткlэ дзэм кьулыкъу щызыщIэну хуейхэм Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и Іуэхущапlэу Налшык кьаIэм дэтым зыхуагъаз эр **мы хэщIапIэмкIэ:** КъБР, Налшык къалэ, Уэздмыкьм и уэрам, 26, (Красноармейскэ уэраму щытар), пэш №24. **Телефоныр:** 44-10-83.

● Зэпеуэхэр

# Щыпкъагъэм и щапхъэхэр

**Бахьсэн районым и курыт еджапIэхэм я 9 - 11-нэ классхэм щIэс пщащхэр зыхэта «Сэтэней» зэпеуэм кьрикIуэхэр куейм Сабий творчествэмкIэ и унэм кьыщащытэжащ.**

ЗЭПЕУЭР кьыззэзыгъэпэщащэм я мурадыр лъэпкъым кьыдэгъэгурыкIуэ хабзэ дахэхэр, щэнхабзэр яхъумэжынырщ, абыхэм щIэлэр щIапIыкIыныр.

Зэхьэзгъэхуэм и иужьрей Іыхьэм хэта хьыджэбзэишхуэ зэпеуащ уэрэд жьIэныжьмкIэ, къэфэныжьмкIэ, лъэпкъ хабзэм хащIыкIыжьмкIэ, фащэ зехьэныжьмкIэ. Пщащэхэм я дахагъэмрэ зэчийрэ, лъэпкъ макъамэмрэ кьафэмрэ щызэхэухуэна пшыхьэр кьрихьэлIаэм гукъинэж ящыхьащ.

Центрым и унафэщI Щоджэн Асльэн зэрыжиIамкIэ, хьыджэбзэм кьагъэлъэгъуащ адыгэ хабзэм фIыуэ зэрыхащIыкIыр, нарт гущэ Сэтэней хуэдэу зэрыдахэмрэ зэрыгуащIмрэ.

Къэпщытакlуэхэм «Сэтэней гуащэ» щIэмрэ ятп увыпIэмрэ хуэфащэу кьалъытащ Кьищтэж кьуажэм щыщ Борэн Дианэ. Ислъамей кьуажэм кьикIа Нэжьыгу Сюзаннэ «Макъ жьгъыру» щIэмрэ етIуанэ увыпIэмрэ ящыгъэсащ. «Пщащэ гуакIуэ» хьуар хьэтIохъущыкъуейдэс Пиакартовэ Жаннэщ. Псыхъурей жьлэм щыщ Мэтай ФатIимэ «Адыгэ пщащэу», Бахьсэненкъ кьуажэм щыщ Дыгъужь Аринэ - «Пщащэ нэмысыфIэу», абы и кьуажэгъу Зэгъэщтокьуэ Лилианэ «Пщащэ гурыхьу» кьалъытащ.

Зэпеуэм хэта хьыджэбзэхэм тыгъэхэр ираташ. КьищынэмыщIауэ, илъэсым и кIэм районым щекIуэкIыну «Юные дарования» зэхьхьэми саугъэтхэр кьащыпопльэ.

**БЖЬЫХЬЭ Роза.**

● Гу зылъытапхъэ

# Хамэ сабий щыIэкъым

**Лэскэн районым щыпсэухэу, абы кьыщалъхуахэу пщIэ зыхуэтщIхэ!**

ХЬЫБАР фыдогъащIэ дыгъэгъазэм и 21-м сыхьэт 12-м районым Щэнхабзэмкlэ и унэм сабий ныкъуэдыкъуэхэм ядэIепыкъуным теухуа псалащIэ марафон зэрыщагъэкIуэкIынымкIэ. «Урысей зэкъуэт партым и политикэ советым, районым адміністрацэм, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм Лэскэн муниципальнэ районым щыIэ и «Щыхуэхэм социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэныжьмкIэ комплексэ» центр» кьэрал кIэзонэ Іуэхущапlэм, Лэскэн районым лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и управленэм зи унафэщI зэкIэлъымыкIуэ сабийхэр районым и жылагъуэ, щэнхабзэ гъащIэм хэщэным теухуа мы Іуэхур хабзэ хьуауэ гъэ кьэс кьызэрагъэпэщ.

Марафоным хиубыдэу езы сабийхэр зыхэт концерт программэ нэгуэныжь ягъэльэгъуащ.

ГущIэгъуэмрэ псапэмрэ теуха ма мы лэжьыгъэм зыхуэзфIэкIыну псорн фыкьыхьыхьыну дыныволъэIу. Абы папщIэ сабийхэр зэрыджэгу кьэпшпыхэр, абыхэм якуэмыхьуж щыгъынхэр зэхуэфхьэс, апхуэдэуи Іэфыкlэхэр, зэреджэ, зэрытхэ Іэмэпсымэхэр, сабийхэм я зэхэщIыкIым хэзыгъахьуэ хьэпшпыхэр кьызэращхуи ахьшэ кьыхэфлъхьэ хьунущ.

ДыныволъэIу сабийхэр гульытэншэу кьэвмыгъэнэну. Хамэ сабий щыIэкъым, абыхэм зэрытхуэзфIэкIкIэ дадэвгъэIэпныкъ.

**«Урысей зэкъуэт» партым и Лэскэн район исполком.**
**Телефонхэр: 95-7-41, 95-3-07.**

● Спорт хъыбархэр

# Ныкъуэдыкъуэхэм я махуэм ирихьэлIэу

**«Майский» физкультурэ-узынщагъэр щрагъэфIакIуэ комплексым спорт зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ. Ар Ныкъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэм хуэхэуауэ щытащ.**

- ЗИ УЗЫНЩАГЪЭР зыкIэлъымыкIуэхэр спорт зэхьэзэхуэм кьыхэпшэмэ, абыхэм я гъащIэр нэхъ гъэщIэгъуэн, щIэщыгъуэ мэхьу, - жаIэ Май куейм щыIэ ныкъуэдыкъуэхэм я зэгухьэныгъэм и правлензм хэтхэм. Аха4 щIыху 855-рэ я лъхьу.

КьрихьэлIаехэр зэхьэзэхуащ спорт лIэужьыгъуитхукIэ.

- ТфIэфI дыдэу абыхэм дыхэтащ, - жаIащ Шулежкэ Людмилэрэ Серегинэ Светланэрэ.

Зэпеуэм текIуэныгъэ кьащыщыхьаахэм щIыхь тхыльхэмрэ саугъэтхэмрэ ираташ.

# Япэ увыпIэр яубыд

**Ставрополь щекIуэкIащ каратэ-кёкусинкайм кIэ КИФЩI-м пашэныгъэ кьащыщыхьныныкIэ зэхьэзэхуэ.**

АБЫ ХЭТащ спортсмен 250-м щIигъу. Кьэбэрдей-Балъкъэрым и командэ кьыхэхаи япэ увыпIэр зыIэригъэхьащ.

Я хьэлъащ ельытауэ зыхэта зэпеуэхэм бжьыпэр щаубыдащ Созаев Амирлан, Мамбэт Ислъам, Решняк Никитэ, Іэтэ Ислъам, Бозий Астемыр, Жолабовэ Альбинэ сымэ. ЕтIуанэ хьуахэщ Бахьуэ Елдар, Мэрзей Тимур, Исупов Тимур, Кьуэныкьуей Елдар, Жолабовэ Залинэ. Ещанэ увыпIэр яIэрыхьащ Диденкэ Михаил, Гиляхов Музэфар, Тхьэлыджокьуэ Темыркан, Каренькин Степан, Гавашели Мераб, Гыллыевэ Альбинэ.

Техникэ нэхъыфIкIэ кьыщIэригъэлъхуэм папщIэ саугъэт щхьэхуэ кьыхуагъэфащащ Іэтэ Ислъам.

Ди спортсменхэм я тренерщ Джинчарадзе Зураб, Насыплы Тэхьир, Аппаев Акьболэт, Кетоев Таймураз, Османов Мухьтар, Кьармокьуэ Амурбэч сымэ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

● «Адыгэ псалъэм» и хьэщІэщым

# Пащтыхэ я жьэгу пащхьэм и гуащэ

☆ *«ЦІыхубзыр дунейм и дыгъэщ,*
☆ *ЦІыхубзыр дунейм и мазэщ,*
☆ *Фызмэ - гъащІэ гукъинэщ,*
*Анэмэ - дунейм и жьлэщ,*
*ЛІым зыдгъэлъагъэ пэтми,*
*Я лъэгуажьэм ди жьаКІэр нэскъым»,* - жиІэ-гъащ адыгэ джэгуакІуэщхуэ Агънокъуэ Лашэ. А псалъэ Іущхэр сигу къэкІыжащ Пащтыхэ-Хъан Жаннэ нэхъ гъунэгъуэ къыщысІуІухуам. А бзылъхугъэм и псэ кьабзагъэр яльоІэс езым и унагъуэм и мы-закъуэу, и Іыхьлы-благъэ псоми и ныбжьэгъуэхэми. Дэтхэнэми яхуэгуапэу, я дунейр яхуигъэнэхуу, псалъэ дахэ къахуигъуэту апхуэдэщ. Гуащэ-аращ гъэфІагьыщІэу ахэр псори Жаннэ къызэрелджэр. Абы и къекІуэкІыкІам, нобэ и дуней тетыкІэм щыгъуазэ ущыхуэхъуКІэ, гурыІуэгъуэ пщохъу абы къылъыкъуэКІ къару мыкІуэщІымрэ и гуащІэщхуэмрэ къыхэзылъхьэр унагъуэрауэ зэрыщытыр.

### Хъанхэ я унагъуэр

ДЭСКЭН районым хыхьэ Урыху къуажэм дэса Хъанхэ Билаалрэ Хьэжгуащэрэ я унагъуэм жылэм пщІэшхуэ къыщыхуащІу къекІуэКІащ. Билаал и адэ Мацу республикэм иса еджагъашхуэхэм ящыщ зыгъ, хьэрыпыбзэр фІы дыдэу ищІэрт, тхылъ куэд еджэрт, библиотекэ и унэм щиІэжу апхуэдэт. Ар Аруан жылэм къыщыщІэдзауэ Урыху къуажэм нэс я ефэндышхуэт. ЩІэныгъэм и мыхьэнэр къызыгурыІуа лІы Іущым и къуэ закъуэр урыс школ щІигьэтІащ Іыхьащ. Абы щыгъуэм жэмыхьэтым яжриІат: «Хъан Мацу и къуэ закъуэр урыс школ щІигьэтІысхьащ жьафІэу псалъэмакъ мыщІэхэр къевмыкьэкІыш щхьэкІэ, фэри чэнджащ фызот: къэкІуэну зэманым хэзэгъэнуэр урыс тхыгъэ зыщІэращи, сэ фэрэгъащІэмрэ фызыхуэзущІмрэ ар зыкІи зэран хуэхъунукъыми, ди бынхэм урысыбзэр евгъэдж».

Школыр кьнуха иужь, Билаал щеджащ бухгалтерхэр щагъэхьэщыр техникумым. ИтІанэ хуэжэм кьитъеззэкри, абы аджьыгъэм щыпэрыщащ. Зэман зэхуэмыдэхэм ар щытащ къуажэ, колхоз тхьэмадэу. Абы щыгъуэм гугъуехь куэд и нэгу щІэкІащ абы, ефэндым и къуэу зэрыщытым къыхэкІкІэ, и фэм дэкІари мащІэкъым. ЦІыху псори зэхуэдэу арэзы пхуэщІынт, зыи и губгъэн къэпхьамэ, бзэгу ихьырт, ефэндым и къуэм мыпхуэдэу илэжьащ жаІэрти. Іуэхур зэхагъэКІыну иужь ихьэрти, Билаал ягъэтІысырт, къуажэдэсхэм я лъэІукІэ къаутІыщыжьырт. Сыт хуэдэу и Іуэхур къемыкІуэкІами, губгъэн зэи зыми яхуищІакъым, цІыхухэм фІы зэрахущІыным хущІэкъуІ мыхъумэ, и зэран щагъэрым иригъэкІын Іуэху зэрихуакъым. Апхуэдэу, махуэ гуэрым цІыхухэр губгъуэм щитъэлажьэу, абы гу лъитащ фейцей дыдэу хуэпа цІыхухэм. Абы апхуэдизкІэ игу щІэгъуати, ар я деж ишэри, и щхьэм щыщІэдзауэ и лъакъуэм нэс ихуэпащэ щытащ. Зэман дэкІауэ, зыгуэрым бзэгу ихьри, цІыхухэр зэхуащэсащ Іуэхур зэхагъэКІыну. «Билаал дгъэтІысыну кІи, лэжьу хэт къзэзылыІтэр? - щыжаІэм, ящэ дыдэу зи Іэ зыІэтахэм а цІыхухэр яхэтауэ яІуэтэж. Мис апхуэдэу зэгуэр илэжьа фІыр къыпекІуэкІыжат абы.

Хэку зауэшхуэр къэхъейри, ящэ махуэхэм къыщыщІэдзауэ бийм и щІыб къигъэзэху зи адэжь щІынаІэм къыщыхьщыжьажэм яхэтащ Билаал. Зауэ нэуэкьми, зи узыншагъэр къэтІэсхьауэ къэзыгъэзэжа Хъаным лэжьыигъэм зэи зыпыІуидзакъым. Ар лэжьащ мэз хозяйстэм и унафэщІу. Билаал зыцІыхуу щытахэр гуапэу топсэльыхьыж, ноби ар ягу къызэрагъэКІыжыр ІуІыдж лъагэрэ пщІэшми, гугъу сохь мис а си унагъуэпхуэр, си Іыхьлы дахэр схурикъуркъыми, - жеІэ Жаннэ. - Махуэ къэси дыззрощІэ, телефонкІэ дызоопсалъэ, ауэ абыкІи срикъуркъым, слъагъуну си нэр къахуикІыу сохъури, адэкІэ схуэмыхьыжу сыкъокІуэж.

### Пащтыхэ я унагъуэр

СЭ сыкъызыхэкІа унагъуэм иІэ пщІэм нэхърэ зыкІи нэхъ лъахъшэтэкъым сыкъызыхэхуа Пащтыхи, - къыщІэдзауэ Жаннэ. - Си тхьэмадэр зауэм хэтащ. Зауэм и пэкІи и ужькІи пщІэшхуэ иІэу ІэнатІэ зэхуэмыдэхэр щрихьэкІащ къуажэми районми. Си гуащэм хуэдэр зыгрыст, а бзылъхугъэ Іущым и быным дприимыдзыхьу и нысэхэми бгъэдыхьэкІэ къытхуигъэуфыфырт.

Пащтыхэ Сафудинрэ ФатІимэрэ яку пщІэшхуэ дэлъу, нэхъыщхьэращи, сыт хуэдэ ІуэхукІи я акъыл зэтехуэу къызэдэгъэгурыІуащ. Я бынитхури ирагъэджащ, езыхэм яхуэзэфІэкІымкІэ дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуурэ гъащІэм лъэ быдэкІэ хагъэуващ.

Жаннэ гъащІэ гъуэ хуэхъуа Герман сурэтыщІ цІэрыІуэ къыщІыкІащ. Нобэ ар УФ-м и цІыхубэ сурэтыщІщ, КъБР-м и Къэрал сурэтымрэ и лауреатщ, Художествэхэмкі Урысей Академиемрэ и член-корреспондентщ, ЩДАА-м и академикщ, Красноярск ксилографиемкІэ щыІэ студием и къызэгъэпэщакІуэщ икІи и унафэщІщ.

Жаннэ, сурэтыщІ цІэрыІуэм и щхьэгъэсуэ ущытыныр сыт хуэдэ? - зыхузогъаз си псэльэгъуэм.

- Ар зэрыщытри, унагъуэм деж мыр сурэтыщІ е щІэныгъэлІ цІэрыІуэщ жьыпІэу щызэхэгъэКІырхъым, - жеІэ Жаннэ. - Ящэ ивэр хьэлэщнымрэ цІыхугъэмрэщ. Аращ зэльытыжар абы ирагъэлъагъащ. Унагъуэм я нэхъыщІэ Адэлбий инженер-ухуакІуэ ІэщІагъэр зригъэгъуэтащ. Иджыпсту Якутск щолажьэ. Зэдэлъхуэзэщыпхъуэм нобэ яхэтыжкъым Володярэ Буденэрэ, ахърэт нэху Тхьэм къарит. Абыхъэм я щІэлъэращи, псоми щІэныгъи ІэщІагъи яІащ, зыхэт гупым я деж я щІэр щылъагъэу я ІэнатІэр ирахьэКІ.

- Сэ дэнэкІэ сыщыІэхуэр зиІэ цІыху щыдэжащщэущ. ЦІыхум къыпхуищІыну пщІэмрэ къыпхуиІэну лъагъунигъэмрэ уасэ зимыІэ лъапІэныгъэхэм ящыщщ. «ЦІыхум и щІэр езым зыфІещІыж э», - жеІэ адыгэ псалъэжьым. Апхуэдэу Хъан Билаал и пщІэр езым и дуней тетыкІэкІэ, и ІуэхуцлафэкІэ къыщэжащ.

- Нобэми Хъан Билаал срипхъуу къэзыщІэхэм, абы теухуауэ псалъэ гуапэ куэд зэхъыгагъэх, - жеІэ Жаннэ. - Сэ зыгуэр къысщыгъхъуэмэ, сыфІу зыгуэрым къиІыытэмэ, ар сэрэкъым си фІыгъэр, атІэ си адэ-анэращ. Я макъыр Іэтауэ ахэр зэпсалъэр зэи зэхэтэкъым. ИтъащІэм ди анэм и Іэр къиІэту и зы бын еуауэ сщІэжьыркъым. Хуэму, Іэдэбу псалъэу, щабэу къикІухьу апхуэдэт, абы щыгъуэми и жьалІэ тІу пщІынкІэ Іэмал иІэтэкъым. Сэ нобэми си хъуэпсапІэщ си анэм ещхь сыхьуэжьину, ауэ куэдкІэ сыпІэщІэщ абы. ФІыуэ тхэлъ псор къытхэзылъхьар ахэращ, хабзэмрэ нэмысымрэ зи Іэпэгъуэ къекІуэкІахэм я щапхъэр гъуаэз тхуэкъуащ.

Къалэм къикІыу жылэм хьэщІэ къэкІуамэ, я ерыскъыкІэ абы япежьэр Хъанхэ я унагъуэрат. ХъэщІэ етІысхьэкІащ, абы я жьэгур, Хьэжгуащэ колхоз губгъуэм жэщмахуэ жимыІэу зэриты къыдэкІуэу, и щхьэгъусэм и Іуэхуэхэр дигъэпсынщІэнми и быныгуэр зыхуей хуигъэзэнми кунэсырт. Билаалрэ Хьэжгуащэрэ бынищІ - къуикрэ пхъуипІрэ - зэдапІащ. Псоми щІэныгъэ зэрагъэгъуэтащ, гъащІэм езым я уВыпІэ щаубыдыжауэ апхуэдэхэщ. Япхъу нэхъыжь Шоцэ и адэ шыпхъуэхэр къалэм дэсти, абыхэм къашэри, щІалэ дыдэу «Кавказэ» ресторанымрэ лэжьэн щыщІидзащ. АбыкІэ и Іэщ-ІагъэкІ хигъахъуэри, илъэс 45-кІэ ресторанымрэ медсестра нэхъыжьу Іуэхуэгъэ зезыгъакІуэ э ІэнатІэм и унафэщІу лэжьащ. Абы къыкІэлъыкІуэ Цоцэ «Водогрязелечебница» Іуэхущ ІапІэм медсестра нэхъыжьу илъэс куэдкІэ щыІащ. Володя и ІэщІагъэкІэ инженер-механикт, Буденэгум еІэзэ дохутыру еджат. ЗэтІолъхъуэныкъуэхэу Хьэсэнпрэ Хьэсенри инженер ІэщІагъэрщ къыхахар. Хьэсэнбий архитекторщ, езым и уней Іуэхущ ІапІэ иІэжу мэлажьэ. Жаннэрэ Женяри зэтІолъхъуэныкъуэщ. ТІуми политехническэ техникумыр къаухуащ. Женя «Телемеханика» заводым бриклайр иилъэ куэдкІэ щылэжьащ. Жаннэ телецентрым илъэсищкІэ щылэжьауэ, Музыкэ театрыр къыщыхэІуахъым, абы и радиоцехым и унафэщІу ирагъэблагъащ. Унагъуэм я нэхъыщІэ Адэлбий инженер-ухуакІуэ ІэщІагъэр зригъэгъуэтащ. Иджыпсту Якутск щолажьэ. Зэдэлъхуэзэщыпхъуэм нобэ яхэтыжкъым Володярэ Буденэрэ, ахърэт нэху Тхьэм къарит. Абыхэм я щІэлъэращи, псоми щІэныгъи ІэщІагъи яІащ, зыхэт гупым я деж я щІэр щылъагъэу я ІэнатІэр ирахьэКІ.

- Сэ дэнэкІэ сыщыІэхуэщІыну пщІэр. ИтІанэщ ІэщІагъэр къыщыкІэлъыкІуэр. А ятІонэщ ІэщІагъэр къыщыкІэлъыкІуэр. А ятІонэ изгъэщахэм ятепщІыхьмэ, щхьэгъусэ тыншщ сэ сызыбгъэдэсыр. ІэщІагъэм и гугъу пщІымэ, абы и лъэныкъуэкІэ ятп илъэсхэм тІэкІу нэхъ гугъу сехьащ. ИтІанэ сурэтыщІхэм ятеухуауэ тхыльхэ седжэурэ, абыхэм я дуней ем сыхэгъуэзащ икІи си Іуэхуэр нэхъ тынш хуащ. Мы зыр къызгурыІуащ: зэран сымыхъуу и Іуэху зэрыщэрезгъэхуэжьын хуейр, езым и псэм жьхуиІэм, и гур зыхуейм теІэбэн щхьэкІэ. Абы теухуауэ ахъшэ къэблэжьыкъым, жьсІэу сыныкъуэкъуакъым, лэжьыгъэ Іуэхуэ КІэ дэнэ кІуэми, пэрыуэгъу сыхуэхьакъым. Псалъэм папщІэ, илъэсым къриубыдэу и ІэщІагъэкІэ мазихкІэ къэтын хуей щихъуІщІэт, адрей къэнам унагъуэм къытхэсмэ, хъарзынэт.

### Анэ насып

АНЭМ и насыпыр зыхильагъуэр и бынращ, абы я гукъеуэр гукІи псэкІи ядегъэв, я гуфІэгъуэр ядегуэш. Жаннэрэ Германрэ я бынхэр сыт и лъэныкъуэкІи уэрыгушхуэнщ, щхьэж дэзыхьэх елытаткІэ ІэщІагъэ зрагъэгъуэтауэ, абы ехъуІэжыгъэкъэр щаІэу гъащІэм я лъагъуэ щыхашыж.

Леля курыт школыр дыщэ медалкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и экономикэ къудамэр диплом плъыжькІэ кьнухащ. АдэкІэ Плехановым и цІэр зезыхьэ урысей экономикэ академиеми УФ-м и Президентым и деж ЦІыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумрэ я академиеу щыІэми щолажьэ. ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Академием и академикщ.

Алим курыт школ нэужьым Краснояркск дэт художественнэ институтым фІы дыдэу щеджащ, иужькІэ и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ. ХудожествэхэмкІэ Урысей академием. Красноярск дэт художественнэ институтым егъэджакІуэу къагъэнэжауэ, зи Іэзагъэм нэхъри зезыгъэужьыну щІэхъуэпс щІалэр Германием ирагъэблэгъащ. Алим абы къыщиухьжащ графикэмкІи скульптурэмкІи аспирантурэхэр. Иджыпсту ЗэфІэкІ лъагэр иІэу Германием щолажьэ, и Іэдакъэщ ІэкІэхэм щІэнэсуэ яІэщ, музей нэхъыфІхэм щагъэльагъуэ.

- Алим сурэт щІыным пасэу дыдэу дихьэхащ, - жеІэ Жаннэ. - Ар абы зыми иригъэсакъым икІи ирихуІакъым. Ар абы Тхьэм къыбгъэдилъхьа ІэщІагъэщ. ТІэкІу сымаджэ хъуауэ сабий садым мыкІуауэ унэм къыщІэнамэ, «Къэрэнджрэ тхылъымпІэрэ къызэптын?» - жиІэри, къэтІысыр икІи махуэ псом и пІэ имыкІыу сурэт ищІырт.

Быным упэІэщІэу упсэуныр тынщкъым. Ар игъэунэхуащ Жаннэ. Ауэ я натІэ къритхар арати, фІэкІыпІэнэщэт. Леля Москва зэрыщеджэм щхьэкІэ, зэрадельхъуэшьтмкІэ зэгъуэгъэмэ, ди щэр нэхъ зэгъауэ щытынщ, жаІэри мурад ящІащ Алими а къаІэм дэт Полиграфие институтым щІагъэТІысхьэну. Абы и тхылъхэр иритауэ, и лжьыштІэхэм гу лъитащ Красноярск дэт художественнэ институтым и ректорым икІи щІэльэІуащ щІалэр я еджапІэм щІагъэтІысхьну. «Сыбыр жьыхьэм нэс си къуэр схуэгъэзэКІэнукъым жьыСІри, си щхьэгъусэм къыщІидза псалъэмакъыр къызэпыЗудащ, - игу къегъэжьКІыж а зэманыр Жаннэ. - АрщхьэкІэ Іуэхум си дэльхуэхэри къыхьхьащ, ильэсым тІэу-щэ льагъунаІэу ЗІуэну сыкъыщагъэгугъэм, си гур зхиузыкІми, сытегущхуащ. Абы щыгъуэм иджыри сыгугъэрт, зы ильэс абы щыІэмэ, кытезгъэхьэу, нэхъ тІуныгъэуу еджапІэ къэзгъэкІуэжьыну. Ауэ институтым и ректорыр нэхъ бзаджэжу къыщІэкІащ, ещхьапІэр ихъуэжьну хуимыту лъэІу тхылъ иригъэтхат».

Іуэхуэр къызэрекІуэкІынур хэт ищІэрэт?! Зэман гуэр дэкІауэ а ректор дыдэм Германи къыхуегъэлъагъуэ ксилографиемкІэ факультет и еджапІэм къыщыІэнухьну. Уи къуэм и гъунэгъуу ущылэнымэ, ар хэкІыпІэфІ дыдэти, зэщхьэгъусэхэр абы арэзы техъуэри, псори къагъэнэри, езыхэри Сыбыр жьыжьэм къыщыщІидзащ.

### Жьэгу пащхьэ

УИ щхьэгъусэр - Краснояркск, уи пхъур - Москва, уи къуэр Германием щыІэхэщ. Жаннэ, гур нэхъыбэрэ здэпхъэрэр дэнэ?

- Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, ныбжьыр хэкІуэта иужь, нэхъ згъэтынщарэт жьыхуэпІэр щхьэгъусэращ, - жеІэ абы. - Бынхэм щхьэж я увыпІэ быдэ гъащІэм щаубыджащ, я Іуэху фІы дыдэу зэрыдагъэКІыжьыфыр сощІэри, иджы нэхъ гупсэхуГуэ сиІэщ. АпхуэдизкІэ жьыСІэми, нобэр къыздэсым ерыскъы ІэфІ сщІэфІу Іэнэм кытеслъхьакъым, абыхэм семыгъасу, иджыпсту дыззэгъусэрэт, иджыпсту мыр езгъэшхарэт жьымыІэу. Пэжщ, сыщынэхъщІаІэм, нэхъыбэрэ аХэр здэщІэм сынэсыфырт, я Іуэху зыІут зэзгъэщІэрти, си жьэгу сыкъекІуэлІэжьырт.

Пащтыхэ я унагъуэ жьэгум и гуащэ емызэщІ Жаннэ. Жьэгу пащхьэм дэлъ хуабагъэри гуапагъэри нэхъыбэу къызыбгъэдэкІри ар зэщІэзыгъапльэри а бзылъхугурэщ. «Сэ сызэрепльымкІэ, унагъуэ жьэгур зэтеІыгъэныжьмкІэ цІыхубзым къаІэн нэхъыбэ и пщэ къыдохуэ, ауэ ар зыхуей хуэзэн щхьэкІэ куэд елытагъ цІыхухъэм, щхьэгъусэм, - къыддогушэ и гупсысэхэмкІэ Жаннэ. - Адыгэ унагъуэм ящэ итыр щхьэгъусэращ. Щхьэгъусэращ ящэ ящІыну? - зэдаІуэжьу щызэбгъэдэтым деж жьэгур куэдкІэ нэхъ берычэт мэхъу. Си унагъуэ жьэгуу сэ слъытэр Налшыкъ. Си унагъуэм хуэдэу фІыуэ сольагъу сыкъыщыхъуа си Хэкур, ди цІыхухэм ящэсщІын щыІэкъым. Сэ щІыпІэ куэдым сыщыІащи, схужьыІэнущ, ди хэку щІэкІым нэхъ дахи, ди цІыхухэм нэхъ гуапи, ди ерыскъым нэхъ ІэфІи, ди щІыналъэм и мэм нэхъ гуакІуи зэрыщымыІэр! Ди унагъуэм исхэм илъэс псом ди гур зыхуэпабгъэр гъэрымахуэр къэсу мыбдеж дыщызэхуэсыжу зэманыр зэрызэдгъэхІуэныгъэ».

Жаннэ и унагъуэм къыхэхъуащ, иджы абы иІэщ къуэрылъхуи пхъурылъхуи. ЩІалэ щыІэ - ІуэІыпІам - Артуррэ Жанболэтрэ - зэрыщІэщІыгъуэхэм, зэфІэКІхэм адэкІи я гъащІэр нэхъ щІэщыгъуэ къыщыщІ адэхуэ-анэшхуэм. ЩІалэ щыІэхуэм тэмай гуэркІэ уакІэльыпльа нэужь гу лъыботэ я нэхъыжьхэм яхуэфэщэну ахэр къызэрыхъуэм. ЩІыпІэ жьыжьэм къыщыхъуми ІэфІ Артур Германием щыІэр, Жанболэт Москва щопсэу), абыхэм зыхрагъэщІэфащ я къуэпсыр къыщежьэ щІыналъэм и къэрур, я и анэдэлъхубзэм и ІэфІагъыр. Ахэр щапІыкІ хабзэмрэ нэмысымрэ, ди тхыдэм, ІуэрыІуатэм теухуа яхьэбархэмэ щІагъэдэІу. А ягуэ зорафІэгъащІэгъуэным, куууэ куэдым зэрегупсысым и щыхьэтщІ Артур теухуауэ Жаннэ дызригъэдэІуа хъыбарыгъэдэІуэ Артур Германием щыІэр, Жанболэт Москва щопсэу), абыхэм зыхрагъэщІэфащ я къуэпсыр къыщежьэ щІыналъэм и къэрур, я и анэдэлъхубзэм и ІэфІагъыр. Ахэр щапІыкІ хабзэмрэ нэмысымрэ, ди тхыдэм, ІуэрыІуатэм теухуа яхьэбарх

## Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

# Малъхъэдис

## Мылъку хьэрэмым берычэт хьихьэркъым

● ЖыІэгъуэхэр

- Хуэмыху щІыхуэкІэ ерыщщ.
- ХьэщІэр щІэпхъуэжамэ, бысымыр блэрыгъащ.
- Фадэм зумыгъэхьху, лжьыгъэм зыдетхьхьх.
- Гъэсар нэмысыфІэщи, мыгъаэр емылыджщ.
- ХэкІыпІэ къэзылыхьхуэм и Іуэху докІ.
- Мылькум кІэлъыплъыр жьэрыплъэмэ, хъуакІуэщакІуэр кьызэщІоуІуэ.
- Мылку хьэрэмым берычэт хьихьркъым.
- ЗиІэмрэ зимыІэмрэ эзнэжьжьщ.
- Хъуакуэр уафэмкІэ кьехуэхыркъым.
- Уи Іыхьэ здэщымыІэм ущымыплъ.
- Щхьэхунэ и нэр лжьыгъэм топльыз.
- Нэхъыжьыр теплъэкуКІамэ, нэхъыщІэр мэкъуейщІей.
- Гуащэр щабэрэ ныеэр Іэсэмэ, зэгуроІуэ.
- Псальэр дыгъэлмэ, нэщІыфр кьытоуэ.
- Зи куэдым къыІахкъым, зи мащІэм кьытрах.
- Блэкіам нэхърэ къэкІуэнур нэхъапэщ.
- Мылку зи куэдри гуныкъуэгъуэшэкъым.
- Зи псалъэ умыщІэм и льэужь умывув.
- Іуэхум и нэщхІэр умыщІэу умыжажъ.

АФЭЩІАГЪУЭ Інас.

Къуцлхъэ Дисанэ щІыкІу адыгэ фащэр дахэу зэрекІу!

Къэхъуа хъыбар

# АнэнэпІэс

*Си анэшхуэ Семэн - Шампар Сарэ и фэеплъу*

- Сэ сыанэнэпІэсщ... Щыхум и гум фЫ щыщІэрыкъым «анэнэпІэс» псалъэр щызэхихІэ, «АнэнэпІэсыр уэсым нэхърэ нэхъ щыІэщ, зэзым нэхърэ нэхъ дыджщ» псалъэжь пхъашэр къзэщІегупсыскэри гущІэгъунІэщ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, ар хьэпъэ кьытебгъэрыкІуэри, сыгъуэгъуэрэ ныпкІэлъыкІуащ.

Альомыр кьызэрегъэдзэкІри балигъыпІэ нува Лидэ и сурэтыр кьещтэ:

- Сыту уэщабэ-Іущабэт, ущэныфІэт, ухьэлэт уэ, си гу махэ щыкІу! УкъэзыщІыкъуу щытахэм нобэр кьызідэсым яхуэзыркъым уи щыхуфагъыр, уи дахагъэр. Дэнэ ущІэ, си Лидэ насыпынщэ? Умыгузавэ, кудэ дэмыкІыу уи деж сынэкІуэнущ. ТІэкІу кьызэжьэ. Си сабийхэр дауэ щхьт жыпІа? Щалэр хьарэынщ, ауэ хъыджэбзыр... Иджыри къэс сыпсэуащ ар хьужьн си гугъэу, арщхьэкІэ гурыІуэгъуэщ и Іуэхур. ФатІимэ сымаджэ щыкІу мыгъуэщ, абы и хущхьэгъуэри, дохутырхэм зэрыжаІэмкІэ, дунейм тетхьым. Мальхъэм щхьэгъуэсэ кьиншэжри, абы щІалэ дигъуэтыжащ. Псалъэжь пхъашэм хуэдэу жаІэ уи бынитым кьыхуащІжар, кудри гуаузщхьэуэ срихьуащ абы, ауэ сыт сэ схуэзфІэкІынур? Сэ езыр, абы хуэдэу, сыанэнэпІэсщ.

Тынщщ зыгуэр бгъэхьэнІэщ, гугъур абы и фэм уихьэу ар зэхэпщІыкІынырщ. Сэ зыри згъэхьэнщэну сыхъуейкъым, сыт щхьэкІэ жьыпІэмэ, сощІэ уанэнэпІэсынир зыхуэдэр. Абы и пІэм имытам ар нэсу кьыгурыІуэнукъым. Ауэ лей зезыхьэри згъэзахуэркъым. Адэ, псом хуэмыдэу анэ зимыІэж сабийм и гум уеуэным нэхъ гуэныхь щымыІэу кьызэоныгъэ. Кьымэмыгъуэ зеиншэм уи псэм кьыбгъэдэкІыу уедэхэщІыныр, псалъэ гуапэ тІэкІу жепІэныр, нэхъыфІыжращи, ар ууей дыдэм хуэдэу ІейМ нубыда Сарэ и щхьэ куІЫр куэдэ зэрымылэжьэфынур, ар егъэлеяуэ кьызэреуэнуж, гукъыдэжьнур. Ар кьызыгурыІуэщи, кьызэрыримытынур, абы кьыхэкІыуи, тэмакъкІэщ, гурыщхьэщІ сымаджэр зэрыхьунур. Абы хуэфІэкІ зыри кьиргъэнатэкъым, Сарэ игъэхъужьын щхьэкІэ, арщхьэкІэ узыр хэтІэсат. НысащІэм имыгъэщІэгъуэн лъэкІыртэкъым бэлыхьыр зи псэм тельСарэ зэи зэрымытхъэсуэхэр, бэщэчу, Іэсэу щхьэ узыр зэрызыхуГъэщэчыр. Гъэщ!эгъуэныраКъэ, «дауэ ущыт?» упщІэм сытым дежи и жэуапыр «хъарзынэщ» псалъэрт. Зи гъащІэ гъуэгуанэм Іэдэбу, гу щабэу, псалъэмакъыншэу ирикІуа Сарэ и кІэухри апхуэдэт. ПІэм хэтъ гуащэм и гъащІэр и кІэм зэрыпэсыр ныкъэм кьыхуэхуэ Іуэрти, жиІэ псори занщІэу игъэзащІэрт.

ГукъэкІыжхэм зэщІыбыда сымаджэм игу кьихьащ, хуэсакъыпэу зэрихьэ и суэрэтхэм епльыну.

- Къэрэжан, зэхэпхрэ, си суэрэт альбомыр кьыхуэхь.

Пщыхьэщхьэр хэкІуэтат. Сабий макъ кьызыщІэІуКІ гьэнэгъу пэшым бзыльхъугъэр кьыщІэкІри, гуащэм и унафэр занщІэу игъэзащІащ.

Сарэ альбомыр кьызэІуихри, ипэ дыдэу эыІупльар и пхъуитІрат. Нэпсхэр хуэмыІыгъыу кьыщІэжу, лэжьыгъэ хьэлъэм пхъашэ ищІа и Іэ хужьхэмкІэ Іэ дильэурэ суэрэтым щхэуу еІущащІэрт:

- Сыту фыгъащІэ мащІэхэт, си хьыджэбз цыкІуХэ. Фи адэм тІуанэ кьыстрищІыу гугъу сригъэхьамэ, фэ тІур фыкъызитащ. Си бын щыпэльагъуу, си нэ Іащэу Лидэ, илъэсий кьудейщ уэ дунейм уэзэрытар, сымаджэ хъурэр, узым куэдрэ унгъэпсэужакъым. Уи шыпхъу нэхъыщІэ Лиди и ныбжьыр илъэс 10щІрэ хьырэ фІэкІа мыхъуу уэ хьэльэр кьытебгъэрыкІуэри, сыгъуэгъуэрэ ныпкІэлъыкІуащ.

Альомыр кьызэрегъэдзэкІри балигъыпІэ нува Лидэ и сурэтыр кьещтэ:

- Сыту уэщабэ-Іущабэт, ущэныфІэт, ухьэлэт уэ, си гу махэ щыкІу! УкъэзыщІыкъуу щытахэм нобэр кьызідэсым яхуэзыркъым уи щыхуфагъыр, уи дахагъэр. Дэнэ ущІэ, си Лидэ насыпынщэ? Умыгузавэ, кудэ дэмыкІыу уи деж сынэкІуэнущ. ТІэкІу кьызэжьэ. Си сабийхэр дауэ щхьт жыпІа? Щалэр хьарэынщ, ауэ хъыджэбзыр... Иджыри къэс сыпсэуащ ар хьужьн си гугъэу, арщхьэкІэ гурыІуэгъуэщ и Іуэхур. ФатІимэ сымаджэ щыкІу мыгъуэщ, абы и хущхьэгъуэри, дохутырхэм зэрыжаІэмкІэ, дунейм тетхьым. Мальхъэм щхьэгъуэсэ кьиншэжри, абы щІалэ дигъуэтыжащ. Псалъэжь пхъашэм хуэдэу жаІэ уи бынитым кьыхуащІжар, кудри гуаузщхьэуэ срихьуащ абы, ауэ сыт сэ схуэзфІэкІынур? Сэ езыр, абы хуэдэу, сыанэнэпІэсщ.

Тынщщ зыгуэр бгъэхьэнІэщ, гугъур абы и фэм уихьэу ар зэхэпщІыкІынырщ. Сэ зыри згъэхьэнщэну сыхъуейкъым, сыт щхьэкІэ жьыпІэмэ, сощІэ уанэнэпІэсынир зыхуэдэр. Абы и пІэм имытам ар нэсу кьыгурыІуэнукъым. Ауэ лей зезыхьэри згъэзахуэркъым. Адэ, псом хуэмыдэу анэ зимыІэж сабийм и гум уеуэным нэхъ гуэныхь щымыІэу кьызэоныгъэ. Кьымэмыгъуэ зеиншэм уи псэм кьыбгъэдэкІыу уедэхэщІыныр, псалъэ гуапэ тІэкІу жепІэныр, нэхъыфІыжращи, ар ууей дыдэм хуэдэу ІейМ нубыда Сарэ и щхьэ куІЫр куэдэ зэрымылэжьэфынур, ар егъэлеяуэ кьызэреуэнуж, гукъыдэжьнур. Ар кьызыгурыІуэщи, кьызэрыримытынур, абы кьыхэкІыуи, тэмакъкІэщ, гурыщхьэщІ сымаджэр зэрыхьунур. Абы хуэфІэкІ зыри кьиргъэнатэкъым, Сарэ игъэхъужьын щхьэкІэ, арщхьэкІэ узыр хэтІэсат. НысащІэм имыгъэщІэгъуэн лъэкІыртэкъым бэлыхьыр зи псэм тельСарэ зэи зэрымытхъэсуэхэр, бэщэчу, Іэсэу щхьэ узыр зэрыз